

K: Ki aktivite angajman kreyatif ki kalifye?

R: Posibilite aktivite kalifye san limit. Sepandan, tout aktivite yo bezwen satisfè kritè sa yo pou yo kalifye:

- Montre w kreyatif nan nati
- Ou dwe prezante nan Vil Nouyòk
- Dwe an dirèk ak an pèsòn*
- Pwogram nan dwe gratis pou piblik la

**Nan kèk sikonstans apwouve, atis yo gendwa kapab prezante aktivite yo sou entènèt.*

Yon lis konplè kritè kalifikasyon yo sou [paj Gid Aplikasyon an](#).

Aktivite angajman kreyatif gendwa genyen ladan yo:

- Yon mizik, dans, teyat, pèfòmans lekti literè, oswa lòt pèfòmans an dirèk
- Yon atelye atizay an pèsòn ak manm kominote yo
- Pwojeksyon piblik yon fim oswa lòt travay medya
- Yon eleman yon pi gwo travay
- Yon eleman nan yon travay ki an devlopman pa egzanp: premye lekti yon pyès teyat
- Yon ekspozisyon atistik nan yon sant kominotè oswa lòt lokal piblik oswa prive
- Yon eksperyans kreyasyon yon travay atistik an dirèk tankou pentire yon mi

K: Mwen se yon atis ki gen yon andikap ak/oswa mwen iminokonpwomèt e mwen ta prefere prezante aktivite mwen an sou entènèt, èske mwen kalifye?

R: Wi. Nou konprann ke kèk atis gendwa pa kapab prezante aktivite yo an pèsòn e yo gendwa bezwen fè aktivite yo a sou entènèt.

Aktivite ki prezante sou entènèt yo dwe toujou an dirèk.

K: Èske mwen kapab/ta dwe aplike pou Sik 1 ansanm ak Sik 2 ak Sik 3?

R: Kandida yo sèlman bezwen aplike yon fwa, sou baz kalandriye pwopozisyon angajman yo.

Si yon kandida soumèt yon aktivite ki kalifye ak dat fleksib men yo pa chwazi li pou yon sibvansyon nan Sik aplikasyon li a, yo pral mete li **otomatikman** nan pwochen Sik lotri ki disponib la.

Nan fòm aplikasyon an, kandida a ap endike si yo ta renmen yo konsidere yo konsidere aktivite yo a nan sik pi devan.

K: Èske mwen ka aplike nan plis pase yon fwa nan chak Sik?

R: Non. Atis ka sèlman soumèt yon sèl aplikasyon nan chak Sik. Atis ka sèlman resevwa yon (1) sibvansyon an total atravè tout pwogram *City Artist Corps Grants* lan.

K: Èske mwen ka aplike kòm yon kolaborasyon?

R: Non. Tout atis dwe aplike antanke endividi. Si yo chwaz wi, y ap bay atis ki te aplike a lajan epi benefisyè a dwe soumèt yon rapò final. Fason benefisyè a deside distribye lajan pou reyalize avèk siksè aktivite angajman kreyatif li a depann de li.

K: Èske atis ka aplike ak menm aktivite a?

R: Wi. Si plizyè atis mete yo ansanm pou prezante yon angajman kolaboratif, yo tout ka aplike antanke endividi ak menm pwopozisyon aktivite a. Sepandan, pa gen okenn garanti ke y ap chwazi tout atis ki kolabore yo nan pwosesis lotri a.

K: Èske mwen ka aplike sou non yon lòt moun avèk konsantman yo?

R: Wi, yon moun gendwa aplike pou yon lòt moun ak konsantman yo. Asire w ke y ap kreye yon kont ke yo ka Soumèt, epi soumèt yon aplikasyon sou non moun nan, ak enfòmasyon pou kontakte yo.

K: Èske aktivite mwen an bezwen dewoule deyò?

R: Non. Menm lè nou prefere aktivite deyò, li pa esansyèl. Aktivite yo ka prezante nan espas ki pi byen reponn ak bezwen aktivite a.

K: Mwen se yon konsèvatè, administratè literè, ofisye akademik, oswa moun ki gen menm mantalite oswa òganizatè kominotè, èske mwen ka aplike pou m fè yon espektak?

R: Non. Tout patisipan yo dwe atis pratikan ki kapab demontre yon angajman dirab pou kreye pratik yo nan fason pou yo kalifye.

K: Y ap vann tikè pou pwopozisyon angajman kreyatif mwen an dèyè yon gichè, èske mwen otorize fè sa?

R: Non. Tout aktivite ke *City Artist Corps Grants* finanse dwe gratis epi ouvè a piblik la. Atis yo ka sèvi ak yon sistèm tikè pou kapasite oswa moman antre yo, men tout tikè yo dwe gratis.

K: Ki kalite pratik atizay ki kalifye?

R: Kandida a bezwen gen yon pratik kreyatif dirab nan nenpòt disiplin ki gen ladan men pa limite a Atizana /Tekstil, koreografi /Dans, atizay Kominotè, Konsepsyon /Achitekti, Atizay Dijital / Elektwonik, Atizay Fòklò/ Tradisyonèl, Travay Entèdisiplinè, Atizay Literè, Mizik/Son, Teyat ak pèfòmans, Videyo/Film oswa Atizay Vizyèl

K: Kisa sa vle di yon "pratik kreyatif dirab k ap kontinye"?

R: Kandida yo dwe atis pratikan e kapab demontre yon angajman kap kontinye nan pratik atizay yo. Kandida yo bezwen demontre ke yo te patisipe, kreye, oswa kenbe pratik atistik yo epi yo bay dokiman **nenpòt lè** nan entèval 2 ane ki sot pase yo (2019 rive jodi a) pou demontre sa. Ta dwe genyen tou yon eleman angajman piblik nan travay atis la tankou yon aktivite angajman kominotè kreyatif, aktivite, ekspozisyon, espektak, pwogram ki baze nan kominote, pèfòmans, oswa lòt prezantasyon piblik nan travay atis la.

Nou konprann ke atis la gendwa te gen yon entèripsyon nan pratik li an 2020 akòz COVID-19 epi nan ka sa a ka sèlman kapab bay dokiman ki soti an 2019.

K: Èske aktivite angajman kreyatif mwen an ka prezante sou entènèt?

R: Aktivite yo dwe prezante an pèsòn ak devan yon piblik an dirèk. Sepandan, nou konprann ke kèk atis gendwa pa kapab prezante aktivite yo san danje an pèsòn. Kandida yo pral bezwen presize nan aplikasyon yo poukisa yo bezwen prezante aktivite yo a sou entènèt.

K: Èske mwen ka itilize finansman anplis sibvansyon City Artist Corps la, pou sipòte angajman kreyatif piblik mwen an?

R: Wi. Ou ka itilize lòt finansman ak resous pou reyalize aktivite ou pwopoze a.

K: Èske mwen bezwen dokimante aktivite m nan?

R: Wi. Tout benefisyè yo ta dwe pare pou pran foto aktivite yo ofiramezi l ap dewoule. Li pa oblije yon dokimantasyon pwofesyonèl. Benefisyè yo pral bezwen bay 2 imaj nan rapò final yo pou aktivite k ap fèt la epi anrejistre estimasyon moun ki te asiste pwogram nan.

K: Èske m ap resevwa yon 1099 pou sibvansyon sa a?

R: Wi. Tout benefisyè yo ap bezwen ranpli yon fòm W9 epi yo pral resevwa yon fòm 1099 nan mwa janvye/fevriye 2022 pou kantite lajan sibvansyon an.

ENFÒMASYON APLIKASYON AN

K: Kijan mwen ka aplike/ki kote mwen ka jwenn fòm aplikasyon an?

R: Ou ka jwenn kritè kalifikasyon ak aplikasyon an sou platfòm Submittable la. Yon lyen aplikasyon an ap parèt sou paj sa a nan madi 8 jen a 10è AM epi yo pral disponib tou la a:

<https://cityartistscorpgrants.submittable.com/submit>

Si yon atis te soumèt yon aplikasyon ak Sibvansyon NYFA nan tan pase, yo ka itilize kalifikasyon sa yo pou aplike pou sibvansyon sa a. Nouvo itilizatè yo ap bezwen vizite www.submittable.com yo kòmanse yon kont gratis.

K: Èske mwen ka soumèt yon kopi di aplikasyon an oswa soumèt yon aplikasyon pa imèl?

R: Non. Tout aplikasyon dwe soumèt sou entènèt sou platfòm Submittable la. Sepandan, nou ap ofri asistans bay moun ki bezwen sa. Pou mande yon aranjman oswa asistans pandan w ap aplike, tanpri voye yon imèl bay CACGrants@nyfa.org. Nou mande pou demann pou aranjman yo fèt pi vit ke posib anvan dat limit Sik la pou pèmèt bon jan tan pou anplwaye k ap sipòte kandida a nan soumèt aplikasyon an ka fè sa anvan dat limit la.

K: Ki kalite fichye mwen ka chaje nan fòm aplikasyon mwen an?

R: Fòm aplikasyon an aksepte kalite fichye sa yo: PDF, JPG, DOC, doso, MP4, MP3 ak MOV ak lyen entènèt.

K: Èske aplikasyon an ap rete ouvri pandan dire sibvansyon an?

R: Aplikasyon an pral rete ouvri pandan de Sik diferan. Andedan chak Sik, aplikasyon an pral rete ouvri kontinyèlman.

Dat Piblikasyon Aplikasyon Sibvansyon an

Aktivite angajman kreyatif yo dwe fini rive dat 31 Oktòb 2021

Angajman soti 10 jiyè rive 31 oktòb 2021

Ouvri: Madi 8 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 22 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòmè: Vandredi 2 jiyè

Aplikasyon Sik 2

Angajman soti 20 out rive 31 oktòb 2021

Ouvri: Madi 6 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 20 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòm: Lendi 2 Out

Aplikasyon Sik 3

Angajman soti 3 septanm rive 31 oktòb

Ouvri: Madi 27 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 10 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòm: Mèkredi 25 out

Tout kandida yo te sovgade yon kopi aplikasyon yo nan Submitalbe pral enfòm 24 èdetan avan aplikasyon an fèmen. Aplikasyon an pa pral reouvri yon fwa li fèmen.

K: Poukisa nou pran enfòmasyon demografik kandida yo epi kiyès ki gen aksè ak enfòmasyon sa yo?

R: *Sibvansyon City Artist Corps* yo gen entansyon sipòte atis k ap travay ki baze nan Vil Nouyòk ke COVID-19 te afekte nan wo nivo. Ranmase enfòmasyon demografik yo pèmèt nou asire ke gwoup benefisyè yo refleto sa.

Lè yo bay done demografik yo atis yo ap ede New York Foundation for the Arts (NYFA), Depatman Zafè Kiltirèl Vil Nouyòk (New York City's Department of Cultural Affairs, DCLA) ak Biwo Meri pou Medya ak Divètisman (Mayor's Office of Media and Entertainment, MOME) pi byen konprann ekosistèm atis yo ap viv ak kreye nan Vil Nouyòk. Yo p ap estoke oswa mete enfòmasyon yo pran yo ak aplikasyon.

Y ap kolekte tout enfòmasyon demografik yo nan fason anonim epi yo pral pataje yo ak anlwaye administrasyon nan DCLA ak MOME.

NYFA pran angajman pou sipòte atis tout orijin ak disiplin epi yo pral kontinye travay nan direksyon valè ekite, divèsite, enklizyon, ak aksè nan tout pwogram yo.

Li deklarasyon DEIA NYFA a sou sitwèb nou an: <https://www.nyfa.org/Content/Show/About-NYFA>

REVIZE, RESEVWA LAJAN, AK FÈ REPÒTAJ

K: Kijan y ap chwazi aplikasyon yo pou finansman yo?

R: Yon fwa yo fèmen, y ap revize tout aplikasyon pou wè si yo konplè ak kalifye. Yon sistèm lotri NYFA sipèvize pral chwazi kandida ki kalifye yo.

K: Poukisa yo chwazi aplikasyon ki kalifye yo pou yon sistèm lotri?

R: Sistèm lotri a pèmèt konsiderasyon egal pou chak aplikasyon ki kalifye nou te resevwa pandan sik aplikasyon an. Seleksyon o aza sistèm lotri a asire ke moun ki soumèt byen bonè yo pa resevwa avantaj enjis sou sila yo ki soumèt materyèl nan fen SIK la.

K: Yon fwa mwen aplike, kilè m ap gen nouvèl?

R: Y ap enfòme tout kandida pa imèl nan Submittable ak CACGrants@nyfa.org. Tanpri kenbe yon je deyò sou kominikasyon sa a epi tcheke dosye spam/junk imèl ou.

Dat notifikasyon:

Benefisyè Sik 1 yo enfòme: Vandredi 2 jiyè

Benefisyè Sik 2 yo enfòme: Lendi 2 out

Benefisyè Sik 3 yo enfòme: Mèkredi 25 out

Si yon kandida soumèt yon aktivite konplè ki kalifye nan yon Sik ki genyen dat fleksib, men li pa resevwa yon sibvansyon, y ap mete yo **otomatikman** nan pwochen lotri disponib la.

K: Kòman yo pral distribiye finansman an?

R: Benefisyè yo pral resevwa sibvansyon \$5,000 yo an de vèsman: \$4,000 yon fwa yo chwazi yo ak \$1,000 yon fwa rapò final sibvansyon an finalize avèk sikse.

Y ap distribiye tout finansman yo pa chèk papyè ke yo voye pa lapòs. Si yon benefisyè pa kapab resevwa yon chèk pa lapòs, yo ka fè aranjman pou yon lòt fòm peman.

K: Ki sa ou pral egzije pou bay peman sibvansyon mwen an?

R: Yo pral mande tout benefisyè yo ranpli yon fòm W-9 epi yo pral distribiye lajan an pa chèk nan adrès ke yo site sou W 9 ou a.

Pou asire ke w resevwa lajan an atan, y ap mande benefisyè yo bay yon fòm W9 nan entèval yon semèn apre yo fin enfòme yo sou seleksyon an. Y ap enfòme tout kandida pa imèl nan Submittable ak CACGrants@nyfa.org. Tanpri kenbe yon je deyò sou kominikasyon sa a epi tcheke dosye spam/junk imèl ou.

K: Èske li garanti pou mwen resevwa lajan?

R: Non. Malerezman, akòz fon limite ak gwo volim aplikasyon ke nou espere resevwa, se pa tout kandida yo k ap jwenn finansman.

K: Èske mwen ka resevwa sibvansyon an plis pase yon fwa?

R: Non. Yon atis ka sèlman resevwa yon (1) sibvansyonl atravè tout pwogram City Artist Corps la (Sik 1 2 ak 3).

K: Si yo ban mwen yon sibvansyon, èske y ap rann non mwen piblik?

R: Si yo chwazi li, yo gendwa rann non atis la, aktivite angajman an ansanm ak lokalite a piblik.

K: Si mwen resevwa yon sibvansyon, èske ap gen kondisyon pou m remèt rapò?

R: Wi. Tout kandida pral bezwen remèt yon rapò final yon fwa aktivite a fini. Y ap voye rapò a bay tout benefisyè pa Submittable epi mande kandida yo pou soumèt foto dokiman aktivite angajman yo.

Benefisyè yo pral sèlman resevwa balans final \$1,000 dola nan fen reyisi aktivite angajman yo a ak soumasyon yon rapò final.

K: Nan ki fason mwen ka sèvi ak finansman an?

R: Sibvansyon City Artist Corps yo gen entansyon sipòte atis k ap travay ki baze nan Vil Nouyòk ke COVID-19 te afekte nan wo nivo. Yo dwe sipòte pratik yon atis, ki gen ladann angajman kreyatif piblik pandan peryòd sibvansyon an.. Sa pral depann de atis la pou li detèmine bidjè angajman li ak meyè fason pou sèvi ak finansman an. N ap egzòte atis yo pou sèvi ak yon pati finansman an pou peye tèt yo ak lòt atis k ap patisipe nan pwojè a.

K: Èske y ap touche taks sou sibvansyon an?

R: Tout benefisyè yo ap resevwa yon fòm 1099 an janvyè 2022. NYFA pa ka bay konsèy sou zafè taks epi li ankouraje benefisyè taks sa a pou chache konsèy yon pwofesyonèl ki gen rapò ak zafè taks pèsònèl.

KESYON? CACGrants@nyfa.org